

Lè timoun maltrete, sa fè mal. Men kapab gen gerizon.

Epi, chimen gerizon an kòmanse isit la menm.



"Mwen pa te janm konnen mwen te ka jwenn yon ekip pou ede m ak ede fanmi m."

- Yon manman

Sant pou Defann Timoun nan Suffolk County bay sipò pou timoun ak fanmi ki viktim vyolans ak abi.



CHILDREN'S ADVOCACY CENTER
of suffolk county

989 Commonwealth Avenue | Boston, MA 02215

www.suffolkcac.org | cac@state.ma.us

617-779-2146

*The Children's Advocacy Center of Suffolk County Inc.
(Sant pou Defans Dwa Timoun nan Suffolk County), se yon
ògànezasyon 501(c)3 ki pa travay pou fè benefis.*



NATIONAL
CHILDREN'S
ALLIANCE®
ACCREDITED
MEMBER



MASSACHUSETTS CHILDREN'S ALLIANCE

Pwojè a te resevwa sipò nan Massachusetts Office for Victim Assistance (Biwo Massachusetts pou Sipòte Viktim) avèk yon sibvansyon dapre yon lwa ki rele Victims of Crime Act of 1984 (VOCA); sibvansyon an te soti nan Biwo pou Viktim Krim, ki nan Pwogram Biwo Lajistis la, nan Depatman Jistis Etazini.



CHILDREN'S ADVOCACY CENTER
of suffolk county

Gerizon Kòmanse Isit la

PREMYE PA A Move tretman.

Pawòl sa a poukout li, se yon pawòl ki difisil anpil pou tande. Epi, lè yo te maltrete yon timoun, sa pì difisil ankò pou konnen kote pou al chèche èd, konsèy, ak moun ki pran ka w.

Premye pa a, se Children's Advocacy Center of Suffolk County (CAC) [Sant pou Defans Dwa Timoun nan Suffolk County (CAC, nan lang angle)]. CAC gen esperyans pou ede timoun ak fanmi regle tout bagay kòm sa dwa nan yon sistèm ki konplike, san yo pa blyie sa ki pi enpòtan an:

Sekirite ak Byennèt Timoun lan.

Haitian Creole



YON METÒD TOTALKAPITAL

Bay timoun ki maltrete ak fanmi yo asistans vle di pou okipe kondisyon fizik, emosyonèl, ak legal ki antre nan sitiyasyon move tretman an. Epi sa mande tou yon repons kote espesyalis pwofesonèl travay ansanm pou redui tèt chaje pandan pwosesis ankèt ak entèvansyon an.

Children's Advocacy Center of Suffolk County travay ansanm avèk tout ajans ak espesyalis ki nesesè pou mete yon plan aksyon sou pye. Nou mete tèt nou ansanm, pou travay, avèk lapolis, komisè gouvenman, defansè, pwofesonèl medical ak sante mantal, epi ak lòt kote tou, pou nou bay bon jan sèvis espesyalize pou timoun ki maltrete ak pou fanmi yo. Anplis, nou fè anpil nan sèvis nou yo nan lokal nou an, ki fèt pou timoun santi yo byen, pou moun santi yo alèz, epi ki fasil pou jwenn.



Men sèvis Children's Advocacy Center bay:

Ankèt Ekip Plizyè Espesyalis (MDT):

Yon repons rapid ki soti nan plizyè ajans pou kapab konnen aklè sa ki te rive timoun lan.

Defans Dwa Fanmi:

Pou ede timoun ak fanmi yo jwenn sipò, rekòmandasyon, ak resous.

Sipò pou Fini avèk Esplwatasyon Kounye a (SEEN):

Kowòdinasyon konplè nan dosye, ak sipò pou jenn moun ki anfas gwo danje oubyen ki esplwate.

Sèvis nan CAC

Sèvis Medikal:

Evalyasyon ak konsiltasyon pwofesonèl medikal, espesyalis nan sèvis pou timoun ki victim move tretman ak eksplwatasyon fè.

Sèvis pou Sante Mantal:

Sèvis ki fè entèvansyon nan kriz, ak bay sipò dapre prèv yo jwenn, ak enfòmasyon sou zak ki twomatize moun.

“Mèsi dèské nou ede mwen ak manman m nan chak etap yo.”

- Yon jenn fi 16 an

“Tout moun te pran tan ak pran pasyans pou fè yon bon travay. Mwen apresye jan yo trete pitit gason mwen an, avèk respè ak koutwazi.”

- Yon papa